



Pou Piblikasyon Imedya: 24/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**AKSÈ NAN AVÒTMAN POU TOUTAN: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KANPAY EDIKASYON PIBLIK KI SOLID, SOU PLIZYÈ PLATFÒM POU TOUT MOUN K AP CHÈCHE SWEN SANTE REPWODIKSYON**

*Aprè desizyon SCOTUS pou anile Roe. v. Wade la, kanpay medya peye a mete aksan sou angajman Eta New York pou pwoteje aksè nan avòtman ak swen sante repwodiksyon pou tout moun*

*Sitwèb ki gen edikasyon sou avòtman, enfòmasyon founisè ak pi disponib nan 12 lang diferan, elaji sansibilizasyon sou opsyon pou swen ki disponib nan New York [isit la](#)*

**Gade imaj kanpay sansibilizasyon piblik yo [isit la](#)**

Aprè desizyon Tribinal Siprèm Etazini an nan *Dobbs v. Jackson*, Gouvènè Kathy Hochul ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York te anonse yon kanpay edikasyon piblik peye ki solid, sou plizyè platfòm pou asire Nouyòkè yo—ak tout Ameriken—konnen ke nan Eta New York, avòtman rete san danje, legal ak aksesib, pou toutan. Kanpay nan tout eta a gen ladan efò pou anonse sou plizyè platfòm ak yon [nouvo](#) sitwèb, ki bay yon sèl destinasyon pou enfòmasyon sou dwa pou fè avòtman, founisè yo, sipò ak opsyon peman nan New York.

"Nou te krenn jou sonb sa a—men New York pa te ezite prepare pou sa", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lakou Siprèm lan te bay yon gwo kou ak tout moun ki apresye kapasite pou pran desizyon sou pwòp kò yo. Kite m fè sa klè: Lakou Siprèm nan te desepsyone nou, men Eta New York p ap fè sa. Kanpay nou sou Aksè nan Avòtman pou Toutan an baze sou efò pou asire ke tout moun konnen ke avòtman rete san danje, legal ak aksesib isit la. Osi lontan ke mwen se Gouvènè, Eta sa a ap pwoteje ou".

"Desizyon Tribinal Siprèm lan te ranvèse plizyè deseni presedan epi fè bak sou egalite ak dwa yon fanm pou genyen kontwòl sou pwòp kò l, choke konsyans yon fason inimaginab. Desizyon an epouvantab ak yon ofans pou tout sa nou te goumen pou simonte nan pèfeksyone sendika nou an kòm yon peyi. Pa twonpe w sou sa, batay pou viv an amoni ak ideyal fondatè nou yo ap kontinye, epi isit la nan New York, n ap mennen batay sa a. Isit la nan New York, avòtman yo ap rete san danje, aksesib ak

legal", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Epi New York pral kontinye rete yon refij san danje pou fanm yo nan peyi sa a".

Kanpay medya ak piblisite entegre a pral fèt nan tout eta a an Angle ak Panyòl, yo pral parèt nan destinasyon ki gen anpil trafik tankou sant transpò piblik, sant komèsyal, ayewopò, ak atravè radyo ak chèn dijital yo. Dirije pa NYSDOH, piblisite yo parèt nan kat koulè diferan—nwa, vèt, woz, ak vyolèt—ranfòse enpòtans aksè nan avòtman kòm yon pwoblèm sante piblik ki afekte tout moun. Avòtman san danje ede pwoteje byennèt fizik ak medikal yon moun, pandan l ap asire chwa ak kapasite pou kòmanse yon fanmi, epi konsidere pwòp sante fizik ak mantal yo, rete pwòp pa yo.

"Karant milyon fanm—plis pase mwatye nan popilasyon an ki gen laj repwodiksyon nan peyi sa a—ap viv nan eta yo ki deja ranvèse dwa avòtman", **Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Anpil nan eta sa yo p ap pèmèt eksepsyon pou gwosès ki soti nan vyòl, ensès, oswa sa ki menase lavi manman an. Jijman devastatè Tribinal Siprèm Ameriken an te bay la se yon maskarad sante piblik ak yon kriz dwa moun ki menase sante nou tout. Moun yo dwe gen dwa debaz pou yo chwazi detèminan medikal ak sosyal ki pral gen enpak sou rezilta sante yo epi ki pral gide lavi yo, epi sa dwe gen ladan aksè nan avòtman san danje. Gras a Gouvènè Hochul ak ekip nou an nan NYSDOH, nou pral asire ke chak Nouyòkè, ak chak moun k ap vini nan Eta nou an k ap chèche swen, konnen sa".

Pou elaji aksè nan edikasyon, Eta a te lanse yon nouvo sitwèb pou bay piblik la yon sèl sous enfòmasyon sou aksè nan avòtman ak swen sante repwodiksyon. Nouvo sitwèb la gen ladan detay sou dwa pou avòtman, founisè, opsyon tretman, ak resous pou sipò ak peman pou sante mantal. Bati sou angajman Eta a pou ekite, sitwèb la disponib nan plis pase douz lang epi nou ka antre sou li atravè yon telefòn entèlijan oswa yon òdinatè. Resous ki ka telechaje, tankou pano siyalizasyon, mesaj ki pare, ak grafik medya sosyal yo disponib pou patnè sante piblik yo ak òganizasyon kominotè k ap chèche difize mesaj nan kominote yo.

Gouvènè Hochul te deja pran mezi san parèy pou prezève, pwoteje, ak ranfòse dwa repwodiksyon ak aksè nan avòtman nan Eta New York. Sa gen ladan [yon Fon Sipò pou Founisè Avòtman 25 milyon dola nasyonal](#), ke Depatman Sante a (Department of Health, DOH) sipèvize, pou ogmante kapasite yo epi asire gen aksè pou pasyan k ap chèche swen pou avòtman yo nan New York. Gouvènè a te anonse tou 10 milyon dola pou sant swen sante repwodiksyon yo pou evalye sibvansyon sekirite yo atravè Divizyon Sèvis Jistis Penal la (Division of Criminal Justice Services) pou ede asire sekirite founisè k ap bay swen vital sa.

[Nan dat 13 jen](#), Gouvènè Hochul te siyen yon pake konplè, sis pwojè lwa pou plis prezève, pwoteje, ak ranfòse dwa avòtman pou pasyan ak founisè nan New York. Lejislasyon an pran mezi espesifik pou adrese yon varyete enkyetid legal, tankou etablisman yon kòz aksyon pou entèferans ilegal avèk dwa pwoteje ak enklizyon founisè avòtman ak pasyan yo nan Pwogram Konfidansyalite sou Adrès la. Nouvo pwojè lwa yo tou entèdi akizasyon move konduit kont pwofesyonèl swen sante yo paske

yo bay sèvis repwodiksyon ak pasyan ki abite nan eta kote sèvis sa yo ilegal epi anpeche konpayi asirans neglijan medikal pran mezi negatif kont yon founisè avòtman ki bay swen legal.

Tout Nouyòkè—ak moun k ap vin New York k ap chèche swen—ta dwe konnen dwa avòtman yo enskri nan lwa Eta New York. Gouvènè Hochul ak Depatman Sante Eta a ap toujou asire Eta a bay aksè nan avòtman san danje ak swen repwodiksyon k ap kontinye.

Sèvis avòtman nan New York dwe konplètman konfidansyèl. Founisè yo pa gen dwa divilge okenn enfòmasyon bay okenn moun ki pa moun k ap resevwa sèvis avòtman an san pèmisyon moun nan. Sa gen ladan dosye medikal ansanm ak nenpòt enfòmasyon sou randevou oswa pwosedi a. Konfidansyalite a aplike pou lòt paran byolojik fetis la, paran moun nan, kote pasyan an se yon minè, ak nenpòt lòt moun ki pa te idantifye kòm moun ki gen pèmisyon klè moun nan pou resevwa enfòmasyon sou avòtman an.

Nan New York, Medicaid kouvri depans yon avòtman, epi lòt opsyon asirans sante yo kapab fè sa tou. Pou moun ki bezwen èd avèk peman oswa vwayaj, gen resous, lajan, ak òganizasyon ki disponib pou ede kouvri depans yo.

Pou aprann plis sou swen pou avòtman nan New York, ki gen ladan founisè avòtman, opsyon pou sèvis, sipò sante mantal, oswa resous sou opsyon peman, ale [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)